No. 34 | 21 Augustus 1931 | Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
½ „ . . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar saben woelan
(njoewoen kabajar roemijin.)

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . . . . . . . . f 36.—
½ „ . . . . . . . . . . . . f 18,65
¼ „ . . . . . . . . . . . . 9,75.
⅛ „ . . . . . . . . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm² . . f 0,03; sekedik - kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit - alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

Hoofdredacteur: A. DJAJASEPOETRA. kabantoe REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

# IMAM KITA ÉNGGAL KAKALIH.

**Rama M. REKSAATMADJA kalijan Rama A. SOEGIJAPRANATA.**

*15 Agoestoes 1931.*

Ing dinten Riajan „Dèwi Maria pinoendoet ing Swarga" lan ing Minggoe tjandakipoen djagad Katoelik satanah Djawi, inggih Wlandia inggih Djawia, sami girang-girang anggènipoen mèngeti Konsili ing Épesoes. Jèn sadèrèk Katoelik Wlandi ing kala semanten sami seneng lan girang-girang lan mongkok, margi mèngeti Konsili, ingkang amangsoelaken gempaling kaloehoeranipoen Sang Iboe Kenja; sadèrèk Katoelik Djawi kala semanten oegi taksih gadah sabab sanès anggènipoen seneng lan mongkok.

*Mongkok,* margi wonten *sadèrèk kita Djawi,* ingkang sampoen sinengkakaken *ing dradjad loehoering aloehoer,* djinoendjoeng dados Imam. „Adja ana wong wani-wani ngantjik dradjad ikoe, kedjaba moeng kang woes tinimbalan ing Allah." (Hebr. V. 4.).

*Seneng,* margi sapoenika sampoen *angsal wewahan pinisepoeh* kakalih, ingkang angasta wewenang nglantaraken wonten ing ngarsanipoen Allah kanggé kita ngrangkep dados djoeroe gedonging sih - noegraha Dalem tanpa wangenan, toer ingkang mesti *ngertos dateng wawatekan toewin kabetahan kita,* djer pandjenenganipoen inggih bangsa Djawi pijambak.

Lan mila pantjèn sampoen kelampahan sajektos; wonten bangsa Djawi kakalih, ingkang winisoeda sinengkakaken dados Imam.

**Kala tanggal 15 Agoestoes, taoen 1931, wonten ing kita Maastricht ing pradja Nederland Rama Michaël Reksaatmadja kalijan Rama Albertus Soegijapranata sampoen tinoempangan astanipoen K. Biskop mawi kinanténan sabda soetji; ateges: djinoendjoeng dados Imam.**

Rama minoelja kakalih, kita gotrah Katoelik Djawi sami andèrèk bingah-bingah, margi pandjenengan sampoen tampi sih-kanoegrahan ingkang samanten agengipoen; déné Allah sampoen karsa paring „timbalan" Dalem doemateng pandjenengan, sarta pandjenengan kok inggih boten nampik margi boten migatosaken; saha sareng sampoen nampi, kok inggih ladjeng boten kétjalan margi sembrana lan kirang wéwéka pandjaginipoen; nanging „timbalan" waoe kok boten namoeng lestantoen nanging malah sampoen aoewoh.

Goesti Allah moegi karsaa marengaken, jèn woh waoe araosa legi-manis toemrap ing saliranipoen Rama-rama énggalan pijambak lan toemrap ing kita sadaja!

Rama Albertus Soegijapranata, *langkoeng-langkoeng kita, Redaksi „Swara - Tama",* sanget anggèn kita andèrèk bingah-bingah lan matoer noewoen ing Allah, déné tilas djoeroe moedi „Swara-Tama" sapoenika sampoen kadoemoegèn ing djangka, anggajoeh pepetinganing paparing, ingkang awasta Sakramèn Kaimaman.

## RAMA MICHAËL REKSAATMADJA.

Klairan saking Klatèn, wiwit mandeng padanging soerja kala tg. 29 Sèptèmber, 1896. Bakda tamat sekolah andap wonten ing kita kalairanipoen, taoen 1910 ladjeng sinaoe wonten ing Kweekschool ing Moentilan N.I.S. Ing taoen 1916 angsal diploma Kw. S., teroes mantjik kalangan pasinaon kanggé tjalon Imam, wonten ing progymnasium ing Moentilan. 1919 pangkat dateng nagari Walandi perloe ngladjengaken studie-nipoen gymnasiaal wonten ing Uden (N. Br., Nederland). 1921 mlebet dateng noviciaat ing Mariëndaal, tjelak kita Grave sapinggiring lèpèn Maas (N. Br., Nederland). Ing rikoe wiwit ngoedi kasampoernan. Saweg angsal sataoen ladjeng kapindah dateng grija noviciaat énggal ing Ngajogjakarta (tanah Djawi), perloe ngregengaken grija énggal waoe; dados 1922 angadjawi. 1923-'25 ngoedi kasoesastran lan olah witjara; '25 - '28 anjinaoe philosophie, kalih kalihipoen wonten ing Ignatius-College, Ngajogjakarta. '28 pangkat dateng negari Walandi malih perloe neroesaken pasinaonipoen wonten ing Maastricht (Limburg, Nederland) i. p. anjinaoe theologie. Lan ing woesana tg. 15 Augustus 1931 tampi Sakramèn Kaimaman.



**Imam kita énggal, Rama Michaël Reksaatmadja.**

## RAMA ALBERTUS SOEGIJAPRANATA.

Wiwit mandeng padanging soerja wonten Ngajogjakarta tg. 25. Nopèmber 1896. Bakda sakolah andap wonten ing Ngajogja taoen 1909 ngladjengaken pasinaonipoen wonten ing Kweekschool Moentilan. 1915 teroes dateng progymnasium ing Moentilan. 1919 pangkat dateng nagari Walandi, neroesaken pasinaonipoen wonten ing Uden; lan taoen 1920 mlebet dateng noviciaat ing Mariëndaal. 1922 — 1923 ngoedi kasoesastran lan olah witjara (ing Mariëndaal). 1923 — 1926 philosophie wonten ing Oudenbosch (N. Br., Nederland). 1926 angadjawi. 1926—1928 ngemoedèni „Sw. T.". 1928 pangkat dateng negari Walandi malih sareng kalijan Rama M. Reksaatmadja oegi perloe anjinaoe theologie wonten ing Maastricht. Lan ing woesana oegi sareng kalijan Rama M. Reksaatmadja, kala tg. 15 Aug. '31 sampoen kaparingan Sakramèn Kaimaman.



**Imam kita énggal, Rama Albertus Soegijapranata, saweg wonten ing kamaripoen.**

## ANDÈRÈKAKEN SOEGENG.

**Sadèrèk A. S. Dwidjosarojo wiwit dinten poenika nilar médjaredaksi Swara-Tama. Tindakipoen kita sawang kanti soemedoting manah kita, roemaos sampoen kapotangan katah.**

**Sdr. A.S. Dwidjosarojo! kita, Redaksi Swara-Tama, matoer noewoen katah - katah, déné pandjenengan sampoen karsa ngoerbanaken sarira ing dalem nem taoen perloe kanggé ngadjengaken Sw. Tm. Namoeng kémawon, manawi ing salebeting nem taoen poenika wonten poenapa-poenapa ingkang kirang njakétjakaken ing pandjenengan, kita soewoenaken pangapoenten: moegi karsaa ngleboer ing samodra pangaksama!**

**Soemedoting manah kados anggondèl-gondèlana tindakipoen sdr. A. S. D. Nanging kados-poendi malih? Awit poenika sampoen dados karsanipoen! Ingkang poenika kita inggih namoeng andèrèkaken soegeng; toewin njaosi welingan sakedik: kita boten pisan-pisan kepéngin negesi „pisah kita" dados „bibar pamitran kita"!**

**Sampoen!**

Atoer taklim kita
REDAKSI SWARA-TAMA.

# PRADJA RAHAJOE.

## ANDAK INGGIH PRIJANTOEN NRIMAN.

Sw. Tm. no. 31 wonten ingkang asesirah *Theorie klajan praktijkipoen poenapa saged sami!*

Inggih poenika goebahanipoen saoedara kita *Oedjoeng - Kanal.* Jèn boten klintoe anggèn koela njoeraos, isining karangan goebahanipoen saoedara kaseboet nginggil, kénging koela printji dados tigang golongan.

1. Paring pitoetoer (nasèhat) dateng para siswa angka II, H. I. S, Mulo, A. M. S. ingkang pangkat (klas) inggil pijambak (hoogste klas). Sampoen ngantos sawekdaling saking pawijatanipoen pijambak-pijambak ladjeng pados padamelan, aloewoeng neroesaken sekolah malih, awit jèn ladjeng pados pakarjan (pangoepa boga), andjalari damel risaking sadèrèk ingkang sampoen sami njamboet damel. Amargi jèn katah ingkang sami neda padamelan, kantja blandja temtoe badé kaoengkret toer sakedik.

Koela njoewoen priksa dateng saoedara Oedjoeng-Kanal, poenapa inggih jèn margi katah ingkang pados padamelan, andjalari soedaning blandjanipoen ingkang sampoen sami ngasta padamelan? Roemaos koela kok boten! Djalaran ingkang sampoen sami ngasta padamelan makaten sampoen kagoengan wewenang (hak) ing ngatasipoen blandjanipoen pijambak - pijambak. Tandanipoen: sadèrèk goeroe ingkang adiploma goeroe doesoen (Normaalcursus) benoem sapisanan kok inggih taksih adjeg blandja f 20. (roemijin malah namoeng 7 ringgit). Poenapa doepèh ingkang ngarah dados goeroe doesoen katah, moeroegaken soedaning bajaran toemrap benoemipoen oetawi indakanipoen (verhooging). Kadjawi makaten menggahing pangkat pisan, sok oeger boten kalepatan ageng, inggih boten saged kalorot. Boektinipoen: Koela kok dèrèng mireng pijantoen Beheerder pagantosan kalorot pangkatipoen kaedakaken dados beamte malih.

Lan dèrèng wonten prijantoen Wedana kalorot lenggahipoen wangsoel dados Hulpschrijver. Malah jèn wonten begdjaning badan ladjeng sok saged nglodjok saking wates.

Bv. Katah prijantoen Assistent Wedana ingkang soewaoe sekolahipoen namoeng saking angka II klas IV oetawi klas V, malah sampoen wonten ingkang ladjeng winisoeda dados wedana.

Oepaminipoen malih, wedalan Normaalschool poenika benoemipoen apangkat goeroe pebantoe (Hulp-Onderwijzer) wonten sekolahan angka II, Vervolgschool oet. Standaardschool. Oemoemipoen sasampoenipoen nglampahi dienst 7 doemoegi 8 taoen kepara malah kirang saking 7, kaangkat dados kepala sekolah (Mantri goeroe). Jèn praktijkipoen saged ndjempol saged dados Schoolopziener oetawi goeroe ing Normaalschool.

Bab blandja badé kaoengkret oetawi kasoeda, bokmanawi ingkang badé dipoenkersakaken sadèrèk Oedjoeng - Kanal, inggih poenika blandjanipoen sadèrèk ingkang njamboet damel énggalan, dados sanès, ingkang sampoen kaladjeng njamboet damel roemijin, poenapa makaten?

2. Saoedara kaseboet, kanti ngeblok nglepataken orèhan koela bab jatra bajaran boten kénging kanggé oegeran nemtokaken katahing blandja, mawi alasan, katah ingkang sampoen sami njamboet damel, perloe sinaoe dangoe - dangoenipoen 3 taoen perloe ngarah diploma K. A. (klein Ambtenaar) ingkang sengadja kénginga kanggé nginggahaken pangkat oetawi blandja, amrih sami hakipoen kalijan certificaatan tamatan H. I. S. makaten?

Poenika njata. Panjerat ngakeni, nanging jèn K. A. taksih kabèbèraken wonten ing Indonesia ngriki. Balik pandjenenganipoen saoedara Oedjoeng - Kanal pijambak sampoen ngakeni jèn K. A. badé kasowak, kados-poendi?

Tjobi sapoenika koela atoeri menggalih oepami boten nradjang sekolahan ingkang bajaranipoen sekolah (schoolgeld) katah. lan boten dangoe pasinaonipoen, dangoe ing riki kadjengipoen, dangoe anggènipoen nginggilaken kepinteranipoen, boten dangoe margi noenggak (blijf), koela bedé sapoenika rekaos jèn ngarah pangkat inggil lan blandja katah. Poenapa sapoenika badé ngoewot K. A. akan dihapoeskan.

3. Kanti pandjang lébar saoedara Oedjoeng-Kanal ngendikakaken bédanipoen wedalan H. I. S. katimbang wedalan angka II, poenika roemaos koela pijambak saé sanget, djer kita ladjeng tambah mantep dateng sekolah kita. Djer kénging kanggé srana nggondèli samangsa poen H. I. S. badé kasowak. Namoeng kémawon koela rak boten ngrembag kados - poendi bédanipoen wedalan H. I. S. tinimbang angka II. Ingkang koela rembag lan ingkang koela soewoenaken priksa, poenapa sampoen marem, jèn certificaatan H. I. S. benoemipoen beamte sami blandjanipoen lan sami indakaning (verhoog), kalijan wedalan angka II makaten poenapa boten. Doedoe berasé ditempoeraké.

4. Sadèrèk kaseboet kagoengan aksi trimah sakedik nanging adjeg. Temboeng trimah waoe kersanipoen poenapa 1e Namoeng trimah saketjepengipoen, liripoen. Sanadjana wonten tandingipoen, nrimah ingkang sampoen katjepeng? Boten kagoengan panggajoeh oetawi idam-idaman ingkang langkoeng inggil? makaten saoedara? Dados oepami poen A dados tjarik pabrik sawoelan blandja f 30.—, satjelaking pabrik ngrikoe wonten kaloerahan ingkang oegi betah tjarik, djalaran kaloerahan ngrikoe wonten lowokan tjarik doesoen (margi sebab warni - warni).

Déné loenggoehing tjarik doesoen waoe oepami 10 baoe. Saben sabaoe jèn kagarap pijambak, ingkang ragadipoen f 25, ratjak ½ taoen pamedelipoen pangaos f 75. Jèn poen tjarik pabrik waoe sakinten saged nindakaken padamelan tjarik doesoen, poenapa boten poeroen nglamar pangkat kaseboet, perloe ngagengaken pamedal. Limrahipoen kados-poendi?

Poenapa nrimahipoen waoe margi sampoen boten saged ihtijar sanès, oepami angkat djoendjoeng makaten kantja badan sampoen telas kakijatanipoen (uitgeput). Jèn makaten nrimahipoen waoe margi kepèpèt, boten saged nggajoeh sanginggilipoen (poenika kadjawi).

Sampoen. Njoewoen ngapoentenoen. Atoer taklim koela.

*Poen Babal-Boender.*

ISINIPOEN.

Imam kita énggal kakalih — Andak inggih prijantoen nriman — Ala nganggoer — Koran kita — Wawasan bab pers sawatawis — Padatan kita ingkang enz. — Kamadjengan ing pangadjaran ing Rusland — Rékanipoen damel saboen — Wawasan boekoe — Goentingan pers — Saking pakempalan — Pangandika Dalem K.S. Bapa Leo XIII — Ontjèn sekar gambir melati — Correspondentie..

## GOENTINGAN PERS.

*Kontaging manah.*

Kantoen sapisan poenika Prendjak Mataram lintjak-lintjak wonten popodjoking Swara-Tama. Koela badé ngetoetaken bandara koela A. S. D. sakrandahipoen. Ingkang koela anggé pamitan dinten poenika nirokaken sabda dalem I. S. K. S. Bapa Pius XI. Tjrijosipoen tijang Britanijah sabda dalem waoe makaten:

If they drive us from our home we will pray in the churches. If they drive us from the churches we will pray in the catacombs, as our prodecessors did 2.000 years ago.

Soeraosipoen ing basa Djawi:

Manawa pandjenenganingsoen tinoendoeng saka dalem (kadaton-) ingsoen, ingsoen sembahjang ana ing Grédja. Jèn wis ana ing Grédja meksa ginoesah, ingsoen moedja semèdi ana ing katakomben, kaja kang linakonan para kang ingsoen gentèni dèk 2.000 taoen kapoengkoer.

Sabda dalem sakedik poenika, lebet artosipoen, ageng dajanipoen. Gandèng kalijan sabda poenika, koran Siangpo anetepaken „teteg santosaning karepipoen gotrah Katoelik. Woeled kados wadja. Ngantos andjalari Mussolini badé sowan dateng Vaticaan perloe njapih oebeling pasoelajanipoen Itali kalijan Vaticaan . . . . "

Sabda dalem ingkang makaten waoe, dinten poenika koela tirokaken, koela anggé pamitan pandjenengan sadaja. Nanging sampoen kalèntoe tampi. Sampoen manggalih bilih késah koela saking popodjoking Sw. T. poenika dipoen-goesah kjai ingkang djagi kori. Késah koela poenika saking kadjeng koela pijambak anglabeti bandara A. S. D.

Sampoen sadèrèk, poen Prendjak njoewoen pangèstoe.

*Prendjak Mataram.*

dipoendoeti doewit samono kèhé ikoe, toedjoené arep kagem apa?

**Tjp.** Soepaja kenaa kagem sarana mbetjikaké publicaties (bekendmaking) kanggoné golongan Katholiek ing Amerika. Apa manèh kagem moendoet garan, gaman, sarana ing babagan rubriek sing betjik kanggoné golongan Katholiek oetawa oemoem.

**Bk.** Wah! Dadi moeng arep mengkono baé ja koedoe nganggo doewit ja, kang?

**Tjp.** O, lha, ija mesti baé ta, dik. Mestiné kowé rak ja wis njipati déwé, jèn sakabèhing pandjangka oetawa idam-idaman sing moelja, bisané toemindak lan énggal kelakon koedoe nganggo wragad, sarta pikiran. Oepamané tanpa, bisaa kalakon ja mesti ngoeler kambang.

**Bk.** O, ja, ja kang. Pantjèn ja mengkono. Wis tjoba toetoegna andaranmoe maoe kang!

**Tjp.** Para djedjempolaning gotrah Katholiek ing Belgie, pada nganakaké bond kanggo journalist Katholiek. Lan lija-lijané isih akèh manèh.

**Bk.** Wis! Mitoeroet andaranmoe ikoe maoe, jèn ora salah kena dakdjoepoek wosé, jaikoe sarana-sarana sing kanggo ndjembaraké tebané rasané lan adjoening pers. Lha, balik saiki kanggoné ing tanah Indonésia kéné, apa ja wis ana remboeg-remboeg sing magepokan ing babagan ikoe?

**Tjp.** Ija, wis ana. Jaikoe pitakonan ing babagan journalistiek.

**Bk.** Keprijé kang?

**Tjp.** Kaja kang wis kaseboet ana ing lajang kabar minggon. Bendee, mentas iki (no. 29), mengkéné:

Commissie saka pakoempoelan internationale arbeidsbureau saiki lagi ngoedi kanggo mentingaké journalistiek.

Ing wiwitan nitipriksa, keprijé moenggoeh anané kang gegajoetan karo pagawéané journalist, ija sing sarana gegajoetan contact oetawa njamboet gawé bebarengan. Sabandjoeré commissie ikoe arep ngarep-arep pakoempoelan saka golongané para journalist. Lan djeneng-djenengé journalist sing kentingan, arep ditoelis ana ing daftar, lijst.

Ing sarèhning babagan journalistiek ikoe gegajoetan karo pers, wis mesti baé koedoe ana tetaliné saka directeur-directeur-ing pers sing mesti nemtokaké, netepaké bajaran (honorarium) kanggo toekang-toekang ngarang ana ing pers.

Sakabèhing katrangan saka djagading journalistiek arep diadjokaké menjang Internationale Arbeidsbureau.

Lan ing babagan iki Arbeidsbureau mesti ngetokaké brochure kanggo pasinaon, keprijé tjarané wong bisa dadi journalist.

**Bk.** Lho, brochure? Mestiné rak ja moeng toemrap kanggo oemoem, dadi béda karo kang toemrap kanggo pasinaoning journalist Katholiek.

**Tjp.** Mestiné baé ja béda. Jaikoe kang dadi tindak, tjara lan toedjoené. Kang ikoe ajo pada diarep-arep baé, moega-moega para gegémbonging Katholiek pada karsaa manggalih tindak sing kaja mangkono.

# É K O N O M I.

### PADATAN KITA INGKANG DADOS MAMANGSANIPOEN BATARA MALAISE PRAJOGI DIPOENÉWAHI.

Dèwi Sri Économie nalika woelan Besar awawarah dateng sadaja kawoela ing Noeswantara, langkoeng-langkoeng toemoedjoe dateng para Panoentoening kawoela alit, wosipoen wawarah: weling doemeling wantos-wantos, soepados sampoen ngantos keladjeng-ladjeng anggènipoen para kawoela alit sami soeka-soeka andrawina, ngoembar angkara moerka; amboetjali arta ingkang kirang tandja, kadosta: kadamel mamantoe, tetakan, njoembang toewin sapitoeroetipoen, sarwa ageng-agengan, ontjor-ontjoran amboedjeng kamontjéran.

Ènget! Sadèrèk koela kantja alit, sampoen ladjeng tjoekeng ngengkoki tetemboengan: doewé gawé koewi rak ora saben dina, malah ora sataoen sapisan, oetawa rak ja wis loemrahé ta lsp. Sawenèh wonten ingkang moengel: „Enggonkoe mboewangi wis akèh (soembang) bésoek kapan baliné, jèn anggonkoe doewé gawé saiki ora gedèn! Ketjelik lo kisanak, inggih poenapa boten? Sampoen sok toeman ndjagèkaken endogé si blorok!" Ènget sadèrèk, djamanipoen djaman mlèsèt. Poenapa ta ingkang koela djagèkaken? Njéwakaken siti dateng pabrik, sapoenika séwanipoen mlorot sanget, pandjenengan njipati pijambak, langkoeng-langkoeng glidig wonten sabin rosan boten mingsra épahipoen, pados padamelan rakaos. Pramila kamontjéran koela ingkang namoeng margi ontjor-ontjoran: njoembang, gadah damel sarwa rowa agengagengan, wiloedjengan ingkang boten moerwat kalijan kakijatan kita lsp; mangga sami dipoen-irid, kaboetjal saking sakedik.

Bendara Ass.-Wedana Toeri (soekoer sanèsipoen wonten), kerep sanget paring sosorah dateng kaloerahan, soeraosipoen maprasi: bab soembangan, gadah damel agengagengan, wiloedjengan ropjan-ropjan lsp. Poenika pantjèn midjil saking panggalih soetji saèstoe; (Sampoen seling serep kantja koela tijang alit) mratandani manawi pandjenenganipoen witjaksana, pirsa poenapa ingkang perloe pijambak linampahan, ing djaman mlèsèt, toewin dadasaripoen pados kamadjengan.

Doemoegi samanten atoer koela, bokmanawi wonten sadèrèk ingkang ngoedaraos: „Iki rak temboengé wong golèk pendok!" O, sadèrèk djaman mlèsèt boten welas dateng tijang pendokan. Oetawi manawi ing kalangan kita taksih wonten lalampahan pados pendok oetawi neda kemata poenika satoenggiling bètèng pendem ingkang ngalang-alangi lampahipoen sandjata kita: Kjai Sajoek roekoen saijeg saéka praja; temah dados lebar lahan, sedya kita ingkang ngarah Indonesia raja rahardja; malah dados pangéwan-éwan malih; bali njang kindjeng domé: antjik-antjik poetjoeking ri.

Kadjawi poenika katah ingkang njipati pijambak, kadosta: nalika Bendara Radèn ajoenipoen babaran tembéjan, inggih boten ropjan-ropjan, namoeng lenggahan djagongan; boten karsa nampi pisoengsoeng-pisoengsoeng saking tijang alit; wiloedjengan inggih kamoerwat kalijan kakijatanipoen, jèn wonten ribedipoen kantja alit karsa paring pitoeloengan; pandjenenganipoen oegi tansah merangi lintah darat. Tjekak-tjekapipoen katah toeladan ingkang pinanggih ing pandjenengan ingkang pantes sinoedarsana. Moegi-moegi panoentoen-panoentoen sanès panggénan oegi makatena; awit kantja alit poenika sagedipoen tedas (poeroen nglampahi kados atoer koela poenika) manawi pandjenenganipoen Panoentoen-panoentoen karsa paring sabda pangandika toewin toelada.

Andjawi poenika weling koela dateng kantja koela ageng alit, sampoen lingsem dipoenwastani boten limrah, oetil . . . . . ditjoetiki sapitoeroetipoen; béndjing mangga sami dipoen-raosaken wohipoen; sapoenika ngoelinakaken nékad roemijin, wonten oengel-oengelan: Volharden is lukken, poenika njata; tjara Djawi: ngantepi tékad Goesti Allah sipat rahman!

Moegi-moegi piwoelangipoen djaman mlèsèt poenika, anggoegaha manahipoen sadèrèk koela kantja alit sadaja, sahabi praja, ngarah rahadjengipoen donja kanti kinemoelan ing barkah pandjangkoenging Allah.

Noewoen atoer taklim koela

poen: AQUINA.

# S E K O L A H A N.

### KAMADJENGANING PANGADJARAN ING RUSLAND!

Boten djelèh-djelèh koela ngrembag babagan pangadjaran; djer poenika kanggéning bangsa kita pantjèn satoenggiling prakawis ingkang wigatos sanget. Ra'iat Indonesia ingkang badé anoedjoe mandirèng pribadi, kedah sangoe kapinteran. Kapinteran ing sadaja prakawis.

Nembé wingi koela maos pakabaran ing s. k. „SINAR DELI" babagan pangadjaran ing Rusland. Boten wonten awonipoen manawi artikel waoe koela tjara djawèkaken. Kirang langkoeng makaten:

Ing palapoeraning panitya ingkang kadjibah matitisaken prakawis pangadjaran, nerangaken bilih ing sapoenika tjatjahing laré ingkang sekolah wonten 8.710.000. i.p. 97 persènipoen laré-laré ingkang sampoen tjekap ngoemoeripoen kanggé nampèni pangadjaran; angka poenika waoe manawi katanding kalijan taoen ingkang kapengker mindak 28%.

Nitik poenika dados ing Rusland sampoen dipoenwonteni pranatan leerplicht, i.p. oendang-oendang ingkang ngedahaken tijang sepoeh njekolahaken anakipoen. Kanti kekijataning oendang-oendang poenika laré Rusland sampoen 97% ingkang sekolah; goenggoengipoen wonten 8.710.000. Woloeng joeta pitoeng atoes sedasa èwoe laré Rusland ingkang ing taoen '31 poenika linggih ing bangkoe pamoelangan. Kanggé wekdal ing tembé wingking babagan poenika wigatos sanget. Laré ingkang joetan poenika waoe temtoe warni-warni sanget dasaripoen. Wonten ingkang tjalon dados Dokter, advocaat, insinjoer, saradadoe, politicus ahli kagoenan lsp. Temtoe kémawon boten sadaja dados tijang ageng oetawi panoentoen, nanging sabagéjan ageng temtoe badé dados koeli. Nanging koeli ingkang kados-poendi? Koeli ingkang sekolah, ingkang ngertos ing sastra, koeli ingkang katémplékan kasagedan, sanadjan taksih andap sanget. Boten kados koeli ing Indonesia, dinten kalairanipoen pijambak kémawon boten ngertos; boten ngertos ing sastra. Kanti memboeta toeli nanda tangani serat kontrak njamboet damel ing kebon: Boten saged maos poenapa ingkang kaserat ing serat kontrak ingkang dipoentandani waoe.

Kita mangertos dateng sapinten goenanipoen leerplicht waoe; ingkang kanggénipoen Rusland 5 oetawi 6 taoen malih badé gadah laré wedalan pamoelangan andap gg. 8.710.000. Ing negari-negari ingkang sampoen madjeng lan modern leerplicht poenika sampoen lami katindakaken. Oendang-oendang poenika ndjalari boten wonten laré-laré ingkang klambrangan dolanan kémawon, makaten oegi ameksa dateng Paréntah sedija pamoelangan soepados Paréntah saged nindakaken oendang-oendang waoe. Leerplicht poenika sampoen lami kaadjeng-adjeng soepados oegi katindakaken ing Indonesia, nanging ngantos sapriki dèrèng wonten djeboel kawoesananipoen. Santer sanget indaking tjatjah djiwa, ngantos boten maiben manawi saben taoen kekirangan pamoelangan. Sekedap engkas badé medal officieel verslag tjatjah djiwa, ing rikoe mangké badé tjeta pinten tjatjahing laré-laré Indonesia, makaten oegi saged njoemerepi sapinten tjatjahipoen, ingkang boten sekolah, makaten oegi saged njoemerepi kedah pinten tjatjahipoen tambahing pamoelangan ing Indonesia, makaten oegi sapinten perloening dipoenwonteni leerplicht kanggé tanah djadjahan Indonesia poenika. Koela njoengoelaken prakawis poenika, gagajoetan kalijan Memorie van Antwoord ing Raad Kawoela ingkang soeraosipoen: tijang doesoen ingkang boten saged maos lan njerat gampil sanget kadjlomprongaken déning propagandist-propagandist politiek. Margi saking poenika tijang doesoen poenika kedah dipoenngertosaken dateng maos lan njerat, soepados boten kadjlomprongaken.

* * *

Samanten para maos andaranipoen SINAR DELI.

Pantjèn kasinggihan sanget manawi tanah Indonesia prakawis analphabeten anggegirisi sanget tjatjahipoen. Sampoen dados wadjibipoen Pamaréntah ngindaki begrooting onderwijs ing saben taoenipoen; ingkang onderwijs poenika sampoen dados kabetahaning Ra'iat Indonesia ingkang wigatos. Sampoen dados wadjibing Pamaréntah ngindaki tjatjahipoen sekolah-sekolahan kanggé ra'iat Indonesia ingkang ± 90% nipoen dèrèng saged maos lan njerat poenika. Ra'iat Indonesia kedah énggal-énggal dipoendjampèni sasakitipoen analphabetisme. Analphatisme kedah kadèkèk ing museum. Ing publicatie H. I. O. C. wonten ingkang njeboetaken manawi begrooting dessa onderwijs waoe katambahan sajoeta roepijah ing sataoen; analphabetisme badé itjal ing salebetipoen 25 a 26 taoen. Doemoegi samanten koela ngraos manawi Pamaréntah saged ngindaki begrooting pangadjaran boten soesah ngewrataken sasanggènipoen kawoela, kados déné oesoelipoen sawenèhing warga Raad Kawoela ingkang moepakat kalijan wontenipoen paos pangadjaran roemijin poenika.

Mangga ta koela atoeri manggalih, begrooting pangadjaran kanggé taoen '32 wonten f 54.024.850, mangka begrooting perang wonten f 64.033.300 (kanggé wadyabala daratan) pensioen kanggé wadyabala daratan wonten f 34.341.800 oorlogsmarine f 28.778.710, marine établissement lan marine magazijnen f 2.136.200. Dados pinten begrooting ingkang kanggé mimis saoebarampénipoen? Tikel kalihipoen langkoeng jèn katanding kalijan begrooting ingkang kanggé ngisèni oet. nedani otaking ra'iat. Ngèngeti tetandingan babagan kalih warni waoe, makaten oegi ngèngeti wontening begrooting, koela wontenipoen namoeng goemoen deleg-deleg, saja manawi ngèngeti ra'iat. Indonesia ing babagan pangadjaran taksih andap sanget.

Badagan poenika saladjengipoen koela pasrahaken kémawon kalijan wakil kita ing Volksraad. Soepados kaoesoelna babagan indaking begrooting pangadjaran.

Bangsa Indonesia poenika ing wekdal samangké tansah ngentosi wahjoe Indonesia Merdeka. Dados ra'iat Indonesia gampilanipoen kedah gadah sénapati ingkang patjak baris wonten ing sadaja golongan-ing kasagedan. Bangsa Indonesia poetra-poetranipoen ingkang tjalon kapasrahan mranata babagan tetanèn, padagangan, pangrèh pradja, pangadjaran, kasarasan, pangadilan lsp. poenapa betahing pradja mandirèng pribadi. Dados jèn makaten Pamaréntah ingkang kagoengan kasagahan badé noentoen Ra'iat kita ngantos doemoegi ing Volledig Zelfbestuur, inggih kedah njoediani papan kanggé voorbereiding dateng sadaja babagan ingkang koela atoeraken ing nginggil. Pamoelangan ing Indonesia kedah kadamel ingkang saged najogjani pamoendoet ing nginggil. Pamoelangan ing Indonesia kedah saged njitak poetra Indonesia ing sadaja prakawis.

Pantes kaatoeran eeresaluut pandjenenganipoen Mr. Fock tilas G.G. ing Indonesia ingkang sadaja para maos taksih kèngetan, nalika pandjenenganipoen ngrembag begrooting Indonesia wonten ing Eerste Kamer, sareng doemoegi babagan pangadjaran, pandjenenganipoen gadah atoer dateng Pamaréntah ageng, soepados angadjengaken pangadjaran inggil ing Indonesia: soepados Indonesia sageda njampi kabetahanipoen pijambak.

Kados tjekap samanten atoer koela.

HERCULES.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

### KATOER PARA MAOS SWARA-TAMA.

*Njoewoen pamit.*

Rebat tjekap, prijantoen. Koela njaosi pirsa, wiwit dinten poenika koela njèlèhaken pandamelan koela dados lid-redaksi Swara-Tama. Déné ingkang dados sababipoen margi koela ngembani hari warti Sedya-Tama ing Ngajogjakarta. Sampoen nem taoen malampah poenika, koela toemoet lalados pandjenengan sadaja wonten Swara-Tama. Manawi salebetipoen nem taoen waoe pènipoen *A. S. D., Patjar Mérah, Prendjak Mataram, Pak Tyon, Hajamwuruk, Hèrlangga,* wonten ingkang anatoni panggalih pandjenengan, koela njoewoen moegi kabirata ing sadinten poenika. Kabelèka bjak, koela pantjèn boten nijat adamel seriking panggalih pandjenengan.

Jèn wonten ingkang manggalih Swara-Tama poenika namoeng kebak karangan koela, ngantos boten ngoeman-oemani papan, koela inggih njoewoen pangapoenten. Djer nijat koela pantjèn boten makaten. Koela namoeng mligi netepi wadjib anggèn koela kinarsakaken pangageng toemoet nglampahaken montor Swara-Tama.

Koela poepoedji moegi ing sapengker koela Swara-Tama saja soeboer; saja moeloek!

Wasana koela boten kasoepèn ngatoeraken genging panoewoen koela dateng pandjenenganipoen Rama Soegija, Hardjasoewanda, Soemarna lan Djajasepoetra, sadaja waoe sami (tilas) Hoofdredacteur Swara-Tama, ingkang paring toentoenan koela loeloemban wonten djoernalistik.

Mataram Agoestoes '31.
Atoer taklim koela sa-anak bodjo.

*A. S. Dwidjasaraja.*

# = V A R I A. =

### RÉKANIPOEN DAMEL SABOEN.

Wonten tijang ingkang moengel makaten: adjoening moerid ikoe goemantoeng marang kèhing kapoer kang dianggo goeroe, mangkono oega adjoening bangsa goemantoeng marang kèhing saboen kang dianggo. Ingkang kados makaten poenika inggih wonten èmperipoen. Limrahipoen goeroe, kirang panganggénipoen kapoer, kadosta nerangaken temboeng Mladjeng, boten kaserat, roemaosipoen idjeman kémawon tjekap, mangka oepami moerid kapoerih njerat oetawi jèn ngepèki pijambak, taksih kerep lepat. Bab saboen makaten oegi. Oepami saben laré sekolah poeroen saboenan, temtoe boten kokot boloten, mangka kokot bolot poenika soesoehing bacterie (kroema). Mila koela badé njoekani recept bab pandamelipoen saboen, soepados ingkang saboenan saja katah, dados sasakit soeda. Saboen poenika warni kalih 1e. empoek, kanggé nggirahi; tijang Djawi mastani saboen lerak. 2e. atos (wangi) kanggé adoes.

Saboen empoek poenika saking bangsa gadjih lan potas. Saboen atos (wangi) saking bangsa gadjih lan soda. Bangsa gadjih poenika inggih gadjih maésa, babi lsp. lisah kalentik kalebet ing rikoe. Namoeng lisah klentik poenika dadosipoen saboen inggih saé, mila dipoenanggé saboen atos (wangi), reginipoen awis. Bab potas kalijan soda poenika kedah toembas ing apotheek (kamar obat). Potas poenika jèn mawi formule: $KOH$. Soda = $NaOH$. Panggarapipoen ngatos-atos, awit radi keras. Jèn kademok ing tangan (bangsa daging) saged mritili, mila kedah sedija tjoekit lan iroes kanggé njenjidoek. Potas oetawi soda waoe kaeworan toja ladjeng dipoen-godog kalijan gadjih oetawi lisah klentik. Mendet koolzure potas oetawi koolzure soda (toembas ing apotheek) inggih kénging, nanging panggodogipoen kedah dipoenwori gamping ingkang sampoen dados kapoer (= gebrande kalk), soepados koolzuur ing potas oetawi soda sageda awor kalijan kapoeripoen, andadosaken kerasing potas oetawi soda. Saja keras potas lan sodanipoen, saja énggal dadosipoen saboen, woedjoedipoen pating krampoel. Poenika dipoentjidoekana lan dipoentjitak.

Ngadat mawi dipoenpoelas djené oepami mawi koenir, dadoe mawi soga lsp.

Déné dadosipoen saboen wangi, mawi dipoenwori wangi-wangi oepami lisah kenanga lsp.

Atoer koela ing nginggil poenika woedjoed recept. Toemindakipoen kedah mawi djadjal-djadjal roemijin boten béda kalijan otjal-otjal ing pawon. Margi kasinen oetawi tjemplang ladjeng ngertos takeranipoen.

Jèn sampoen katah ingkang saged damel, saé kadamel coöperatie, soepados sadaja-sadaja saged mirah oepaminipoen weling potas lan soda dateng Éropah, boten ndadak dateng apotheek.

### WAWASAN BOEKOE.

*W. J. S. Poerwadarminta,* MARDI KAWI, p. I. Uitg. en Boekh. Stoomdrukkerij „De Bliksem", Solo — f 1,50.

Serat poenika ngewrat: Okarana Kawi, kadjengipoen: Paramasastranipoen Kawi. Déné perloenipoen kanggé noentoen ngertosi serat-serat Kawi; awoedjoed serat pasinaon.

Lairipoen MARDI KAWI poenika andadosaken bingahing manah, awit poenika soeka koentjinipoen gedong ingkang isi kasoesastran (letterkunde) boten baèn-baèn, kadosta: Bhārata-Yuddha, Rāmā yana lss. Tijang mantja, ingkang ngertos Kawi, sami tjingak dateng édi-saéning serat-serat waoe. Mila pantjèn njingakaken jektos. Nanging kita ingkang katah-katah sami boten mangertos dateng aosing titilaranipoen loeloehoer kita; amargi Kawi poenika kanggé sapoenika sampoen boten ngertosaken. Kanggé ngertosi Kawi poenika boten tjekap anggadahi baoe-sastra Kawi-Djarwa, nanging roemijinipoen kedah sampoen soemerep, kados-poendi éwah oetawi gondang-gandènging swara, temboeng oetawi oekara. La, inggih MARDI KAWI waoe ingkang soeka soemerep ing bab poenika. Leres sadèrèngipoen MARDI KAWI lahir inggih sampoen wonten serat oelar-oelar kanggé ngertosi Kawi, kadosta: Dr. H. Kern, Verspreide Geschriften; Prof. Dr. C. C. Berg Inleiding tot de studie van het Oud-Javaansch; lss., nanging poenika mawi basa Wlandi toer boten mirah lan ringkes. Wonten oegi ingkang mawi basa Djawi, kadosta: Koersoes Kawi, „Widyartha", kawedalaken déning *Katholieka Wandawa* afd. Jogjakarta, nanging poenika keringkesen. Béda kalijan MARDI KAWI: basanipoen Djawi, malah kaetjap mawi aksara Djawi oegi; isinipoen pepak, sampoen tjekap kanggé oelar-oelar pasinaon pijambak, toer ringkes, nanging boten keringkesen. Ing ngatasipoen serat, ingkang soeka sesereapan bab Kawi lan namoeng regi f 1,50 (kalih tengah roepijah), poenika boten nama kawisen sanget. Nanging oepami saged langkoeng mirah (oepami srana kaetjap mawi aksara Latin), langkoeng prajogi; awit ladjeng saged langkoeng wijar tebanipoen. Lan malih oepami boekoe waoe dipoensoekani sorogan (inhoudsopgave), poenika majaraken jèn kanggé bikakan.

Ing woesana kita matoer noewoen dateng pandjenenganipoen W. J. S. Poerwadarminta, déné sampoen karsa noelaraken seserepanipoen bab basa kita kina dateng sakita ingkang boten ngertos basa Wlandi. Déné „De Bliksem" anggènipoen ngetjap kok boten koetjiwa. Ingkang poenika p. f! Moegi-moegi MARDI KAWI gampila anggènipoen angsal margi!

*Rd. Ms. Soemaatmaka* toewin *Ms. Atmasalaga* — JADNJA SOESILA — Uitg. en Boekh. „De Bliksem", Solo — f 2,—.

Serat poenika wonten kalih pérangan. Ngewrat „wewatonipoen namboet soesilaning ngakrama ingkang oetami" poenapa déné „piwoelang ingkang kaseboet oetami toemrap dateng pawèstri." Kedjawi poenika gandèng kalijan prekawis nomer satoenggal njarijosaken „tjara-tjaranipoen sanès bangsa," kadosta: bangsa Djepang, Tionghoa, Arab, Éropah. Pangetjapipoen tjeta, mawi aksara Djawi, ingkang ladjeng ngrowakaken poen boekoe. Toedjoening serat: soesilaning ngakrama lan soesilaning pawèstri. Toedjoe ingkang ngindakaken kasoesilan poenika pantes kita tjondongi sanget: margi inggih kasoesilan poenika ingkang dados galihing kekijatanipoen bangsa. Ingkang poenika serat JADNJA SOESILA waoe mila ngewrat wawaton-wawaton, lan piwoelang warni-warni ingkang pantes dipoenlampahi ing tijang sadaja, tijang Katoelik oegi. Kadosta: „Sadoeroengé kalakon ngalap rabi, nétramoe elèkna kang djembar, koepingmoe wengakna kang amba, nanging jèn wis kalakon dadi rabimoe, nétramoe eremna kang dipet, koepingmoe toetoepen kang rapet." (p. 38). Poenika poenapa boten pantes tjinatet ing sok tijanga, langkoeng-langkoeng tijang Katoelik ingkang jèn sampoen absab idjabipoen boten kénging pegatan? Malih p. 49 — 51: „wadjibing pawèstri: rigen, tegen, moegen; gemi, nastiti, ngati-ati, goemati, mangerti, miranti." Poenika jèn saged kelampahan sadaja peng-pengan sanget! lss. Namoeng kémawon serat JADNJA SOESILA mesti boten badé maremaken, ingkang sampoen mesti kémawon, dateng tijang Katoelik; awit serat waoe mawi dedasar ngéngingaken wajoeh lan tangkeping tijang èstri dateng sémahipoen kedah kados kawoela dateng bendaranipoen. Makaten poenika soelaja kalijan raos Katoelik, awit tijang Katoelik boten kénging wajoeh lan malih tjara Katoelik tijang èstri poenika dédé kawoelaning sémahipoen, nanging kados déné sadèrèk.

### CORRESPONDENTIE.

*R. A. Soera,* T. Sawah, Bengkoelen; malah t/m Oktober '31 sapoenika sampoen sah, noewoen! *Abn. 648;* sapoenika kanggé taoen 1931 saweg wonten tjitjilan f 2,— (kalih roepijah). *Zelatrice ing Blitar,* postwissel dalasan briefkaart sampoen katampi. Noewoen! Kedjawi poenika Hr. J. Mardisoehardja, G. D. ing Tjandiredja, inggih dados lengganan Sw. Tm. Lan malih, Hadisoetirta, ingkang kasebat ing briefkraart, poenika poenapa lengganan énggal? Lan kados-poendi adrèsipoen? Njoewoen wangsoelan. Sadèrèng lan sasampoenipoen noewoen.

*Adm.*

*Wido, H. Dwidja toewin G. W.;* soembangan sampoen katampi. Noewoen. Nanging taksih ngentosi selaning papan. Sampoen dados penggalih. Kedjawi poenika Redaksi sampoen tampi boekoe „Verslag v. h. Volkscredietwezen. 1930" saking *Centrale Kas.* Noewoen oegi.

*Red.*

